# man de giñ naa ci Yàlla ne -bu soobee Yàlla- duma giñ ci dara ba noppi gis leneen lu ko gën, lu dul ne dinaa kaffaara sama giñ ba te def la ko gën

Jële nañu ci Abuu Muusa Al-Ashariyu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Ñëw naa fi Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ànd ak mbooloo yu bokk ci giirug Al-Asharii, mu wax ne: "giñ naa ci Yàlla ne duma leen gàddu te sax amuma lu ma leen gàddul" ñu des fa diir ba soob Yàlla, ñu dal di koy indil ay giléem, mu digle ñu jox leen ñatti giléem, ba ñu fa jógee, ñenn ci nun wax ñeneen ñi: Yàlla de du nu baarkeelal, ñëw nanu fi Yonnente Yàlla bi di sàkku mu gàddul nu mu giñ ne du nu gàddul ba noppi daal di nuy gàddul, Abuu Muusaa nee na: nu dem fi Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax ko loolu, mu ne nu: "du man maa leen gàddul, waaye Yàlla moo leen gàddul, man de giñ naa ci Yàlla ne -bu soobee Yàlla- duma giñ ci dara ba noppi gis leneen lu ko gën, lu dul ne dinaa kaffaara sama giñ ba te def la ko gën".
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Abuu Muusaa Al-Asharii day nettali ne dafa ñëw ci Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ànd ak mbooloo mu bokk ci giiram, seen bëgg-bëgg moo doon Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jox leen ay giléem yu ñuy war; ngir man na bokk ci jihaad ji, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di giñ ne du leen ko gàddul, ndax amul lu mu leen gàddul, Ñu dellu toog ab diir ñu indil Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ñatti giléem, mu yónnee leen ko, ñenn ñi wax ñeneen ñi ne leen: Yàlla de du nu baarkeelal giléem yi; ndaxte Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa giñoon ne duñu gàddul, ñu dikkal ko laaj ko, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne leen: ki leen gàddul mooy Yàlla mu kawe mi; ndaxte moom moo dëppale moo wërsëgale, waaye man sabab rekk laa bu loolu jaar ci sama loxo, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax ne: man de giñ naa ci Yàlla ne bu soobee Yàlla duma giñ ci dara ne dinaa ko def walla dinaa ko bàyyi, ba noppi gis leneen lu ma giñul gën ko, lu dul ne dinaa def la gën te bàyyi la ma giñoon, daal di kaffaara sama giñ ga.